

Èske ou te konnen?

- **Pwogram SEEN nan Children's Advocacy Center of Suffolk County** a sèvi plis pase 1 800 jenn moun ki an danje oubyen ki esplwate, depi yo te fonde pwogram lan an 2004.
- **Esplwatasyon komèsyal seksyèl timoun (CSEC) se yon fòm abi seksyèl sou timoun. Yo dwe gade jenn moun ki esplwate yo tankou viktim - non pa tankou agresè oubyen delenkan.**
- **CSEC kapab pran plizyè fòm diferan, tankou pwostitisyon nan lari, pònografi, dezabiye, masaj ewotik / toutouni, koutfil pou konvèrsasyon sou sèks, sèvis eskòt, fèt an prive, pwostitisyon an gwoup, makrèl nan fanmi, ak lòt kalite esplwatasyon nan entènèt.**
- **CSEC se pa yon chwa.**
- **Timoun yo gen rezistans. Si yo jwenn resous ak sipò ki kowòdone, timoun ki viktim esplwatayon komèsyal seksyèl yo kapab retounen nan yon lavi nòmal.**

SEEN ofri fòmasyon pou pwofesyonnèl ak pou ògàinizasyon kominotè.

Pou plis enfòmasyon sou SEEN, oubyen pou voye yon enfòmasyon pou referans, ou mèt kontakte :

Sheelah Gobar

Administratè Pwogram SEEN

Sheelah.Gobar@state.ma.us

617-304-4263

Children's Advocacy Center of Suffolk County
989 Commonwealth Avenue | Boston, MA 02215

www.suffolkcac.org



CHILDREN'S ADVOCACY CENTER
of suffolk county

Pwojè a te resevwa sipò nan Massachusetts Office for Victim Assistance (Biwo Massachusetts pou Sipòte Viktim) avèk yon sibvansyon dapre yon lwa ki rele Victims of Crime Act of 1984 (VOCA); sibvansyon an te soti nan Biwo pou Viktim Krim, ki nan Pwogram Biwo Lajistik la, nan Depatman Jistis Etazini.



**SIPÒ POU FINI AVÈK
ESPLWATASYON
KOUNYE A (SEEN, KI
VLE DI « SUPPORT TO
END EXPLOITATION
NOW »)**



CHILDREN'S ADVOCACY CENTER
of suffolk county

Gerizon Kòmanse Isit la

Esplwatasyon komèsyal seksyèl timoun (CSEC, oswa « Commercial sexual exploitation of children »), se lè yon timoun oswa yon adolesan ki gen mwens pase 18 an patisipe nan yon aktivite seksyèl pou resevwa lajan, manje, kote pou li rete, dwòg, oubyen nepòt bagay ki gen yon valè. CSEC se yon trafik timoun. Se yon pwoblèm grav ki rive anpil, avèk konsekans pou jenn moun, fanmi, ak kominate nan Massachusetts.

Jenn moun ki viktim esplwatasyon yo konn pa konprann se yon abi y ap sibi, oubyen yo kapab pè chèche yon moun ki ka ede yo. Li enpòtan anpil pou nou tout rekonnèt siy esplwatasyon yo, ak pou nou konnen kouman pou mete jenn moun yo an kontak avèk kote ki kapab ba yo sipò ak fè tout sa ki ka ede yo.

Sipò pou Fini avèk Esplwatasyon

Kounye a (SEEN) se yon pwogram tounèf k ap pote repons kowòdonne nan plizyè domèn pou jenn moun an danje, ki kapab viktim esplwatasyon seksyèl. SEEN ap travay kòm patnè avèk plis pase 40 ajans, tankou lapolis, byennèt timoun, founisè swen sante fizik ak mantal, ak ògàanzasyon kominotè. Nan travay ansanm, nou veye pou jenn moun ki an danje oubyen ki esplwate rive idantifye, ak pran kontak avèk sèvis ki kapab ede yo geri ak jwenn sekrite.

Objektif SEEN se pou :

- Bay viktim yo mwayen kite moun k ap esplwate yo, epi reprann kontwòl lavi yo
- Pwoteje sekrite viktim yo
- Veye pou viktim yo kapab jwenn resous ak sèvis
- Fè moun ki koupab la pran responsabilite li
- Travay, nan nivo règleman ak edikasyon, sou pi gwo pwoblèm soyete ki anrapò avèk sekrite timoun yo

Gade nan adrès CAC ki se : www.suffolkcac.org

Pwogram SEEN :

- Sèvi timoun ak adolesan ki gen mwens pase 18 an
- Resevwa enfòmasyon referans sou timoun ki an danje oswa esplwate nan Boston, Chelsea, Revere, ak Winthrop
- Adapte repons ak sèvis ekip la dapre bezwen pèsonnel chak timoun
- Fè sèvis gratis pou fanmi yo
- Ede nan transpò gratis pou fanmi k ap resevwa sèvis nan Sant pou Defans Dwa Timoun (Children's Advocacy Center) nan Suffolk County a.

*“Sa ekip la vle fè se ede,
kidonk ede w santi ou pi alèz,
ak konsantre sou sa ou vle ale
sa ou bezwen.”*

- manm nan Gwoup pou Konseye Jenn Moun nan SEEN



Metòd Ekip SEEN lan

SEEN tabli yon filè sekrite pou redwi danje yo, ak pou pèmèt tout jenn moun jwenn sipò nan men yon ekip kowòdonne. SEEN fasilité komunikasyon ant manm yon ekip ki travay nan plizyè domèn (MDT, ki vle di « multidisciplinary team ») pou sipòtè jenn moun ak fanmi yo, ak pou fè konneksyon ant founisè sèvis nan plizyè sistèm.

Lè li resevwa yon enfòmasyon referans, SEEN :

- Mobilize jenn moun nan MDT yo, pou yo rive fè tande vwa yo
- Evalye danje pou sekrite yo
- Idantifye opsyon pou plasman ki san danje
- Mete jenn moun lan an kontak avèk ekspè nan resous sante mantal ak fizik
- Kowòdonne ankèt avèk lapolis, lè gen yon jenn moun ki viktim
- Kowòdonne entèvyou medikolegal
- Mete jenn moun lan an kontak avèk konseye espesyal, monitè, ak sipò entèpèsonnel ki ankouraje relasyon ki bon pou sante, edikasyon pou prevansyon, ak gerizon
- Travay avèk MDT ak fanmi yo, pou rive jwenn jenn moun ki absan oubyen ki sove kite kay li a